

5YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ EGZAMEN SYANS SOSYAL

PREMYE LIV

KESYON AK PLIZYÈ CHWA EPI AK REPONS OGANIZE

12 NOVANM 2008

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou an lèt enprime sou liy ki anwo yo.

Egzamen an gen twa pati. Pati I an ak Pati II a nan ti liv egzamen sa a; Pati III a nan Ti liv 2 a.

Pati I an gen 35 kesyon ki gen plizyè chwa. Ekri repons ou yo pou kesyon sa yo sou fèy papye apa a. Sèvi ak yon kreyon No. 2 sou fèy repons lan.

Pati II a gen plizyè kesyon ak repons kout. Ekri repons ou yo pou Pati II a nan ti liv egzamen sa a.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan Ti Liv 1 an.

PINGA OU VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO POKO DI W POU VIRE L.

Copyright 2008

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK
THE STATE EDUCATION DEPARTMENT
ALBANY, NEW YORK 12234

Pati I

ESPLIKASYON

Gen 35 kesyon nan Pati I egzamen sa a. Chak kesyon gen kat repons ochwa, repons yo make depi A pou rive nan D. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Deside kiyès nan repons ochwa yo ki bon repons lan. Nan fèy repons apa a, make repons ou sou ranje ki gen ti sèk pou chak kesyon yo pandan w ap nwasi ti sèk ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon pou ou make fèy repons la.

Li **egzanp kesyon** ki anba a:

Egzanp Keson

Ki vil ki kapital Eta New York?

- (A) Utica
- (B) Albany
- (C) Vil New York
- (D) Buffalo

Repons ki kòrèk la se **Albany**, ki kote lèt **B** a. Sou fèy repons ou an, gade bwat ki montre ranje ki gen ti sèk pou repons pou kesyon ki nan egzanp lan. Kòm se chwa **B** a ki repons ki bon pou kesyon nan egzanp lan, se ti sèk ki gen lèt **B** a ki nwasi.

Reponn tout 35 kesyon yo ki nan Pati I nan egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti sèk pou chak kesyon. Asire ou efase nèt nenpòt repons ou vle chanje. Ou gen dwa pa konnen repons pou kèk kesyon, men fè sa w kapab pou chak kesyon.

Lè ou fini ak Pati I an, ale nan Pati II a.

Pati I

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Sèvi ak foto anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 an.



Sous: Barnabas and Anabel Kindersley, *Children Just Like Me: Celebrations*, DK Publishing, 1997 (adapte)

- 1 Timoun yo montre nan foto sa a soti nan diferan kilti. Pi souvan yo mete estil abiman sa yo pou yo
- (A) selebre istwa ak koutim yo
 - (B) fè konpetisyon nan konkou pou kostim nasyonal
 - (C) demonstre talan espesyal yo genyen nan kouti
 - (D) jwe nan evenman espòtif
-

Sèvi ak tablo anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 2 a.

Manje yo seleksyone nan lemonn

Manje	Peyi
diri ak pwa koni	Babad
diri avèk lay ak sòs pwason	Vyetnam
diri basmati ak legim	End
diri ak pwa vèt	Itali

2 Selon enfòmasyon ki site nan tablo sa a, ki deklarasyon ki vrè?


- (A) Pifò manje etranje yo fèt avèk ponmdetè.
 - (B) Moun nan plizyè peyi manje diri.
 - (C) Sèlman nan peyi Azi yo moun kwit manje avèk legim.
 - (D) Pwa koni popilè ann Itali.
-

3 Ki youn nan bagay ki koze plis polisyon nan lè a nan anpil peyi modèn jodi a?

- (A) lafimen k ap soti nan faktori yo
- (B) dlo k ap debòde sou baraj yo
- (C) Solèy la k ap chofe kay yo
- (D) van k ap alimante moulen van yo

ALE NAN LÒT PAJ LA ➔

Sèvi ak kat jeyografik anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn keyson 4 ak 5 yo.



Sous: Skills for Exploring America's Heritage, D.C. Heath and Company, 1991


4 Ki deklarasyon konsènan jeyografi emisfè lwès la ki vrè?

- (A) Pifò Amerik Dinò nan yon zòn polè.
- (B) Ekwatè a travèse Amerik Dinò.
- (C) Pifò zòn tanpere yo sitiye nan latitud mwayèn yo.
- (D) Se nan altitud wo w ap jwenn tout zòn twopikal yo

5 Pifò Amerik Dinò sitiye *osid* de

- | | |
|---------------|------------------|
| (A) Sèk aktik | (C) Twopik kansè |
| (B) Ekwatè | (D) Sèk antatik |
-

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn keyson 6 la.



Sous: *Social Studies and Geography Skills Handbook for World Explorer*,
Prentice Hall, 1998 (adapte)

6 Kiyès nan peyi Ewopeyen yo ki gen fontyè avèk Lanmè Dinò?

- | | |
|-------------|------------|
| (A) Pòtigal | (C) Ilann |
| (B) Fenlann | (D) Dànmak |
-

7 Ki mo yo itilize pou defini machandiz ki rantre Ozetazini ki sot nan yon lòt peyi?

- | | |
|-------------|-----------|
| (A) imigran | (C) ekspò |
| (B) resous | (D) enpò |

Sèvi ak foto yo anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 8 la.

Foto 1




Foto 2



Foto 3



Foto 4



Sous: Sarah Pursel

8 Ki foto ki ilistre yon moun k ap vann yon *sèvis*?

- (A) Foto 1
 - (B) Foto 2
 - (C) Foto 3
 - (D) Foto 4
-

Sèvi ak tablo anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 ak 10 yo.

DEMOKRASI REPREZANTATIF: GRANN BRETAY AK ETAZINI

Karakteristik gouvènman	Demokrasi palmantè britanik	Demokrasi prezidansyèl ameriken
Seleksyon prezidan	Pèp la eli premye minis endirèkteman atravè seleksyon pati ki an majorite nan palman an	Yon kò elektoral eli prezidan an endirèkman, epi se pèp la ki eli delege kò elektoral la. Prezidan an ka nan yon pati politik ki diferan de pati ki kontwole Kongrè a
Dwa pèp la	Ou ka vote si w gen 18 an oswa plis; Tradisyon politik pwoteje libète fondamantal yo	Ou ka vote si w gen 18 an oswa plis; Konstitisyon an pwoteje libète fondamantal yo

Sous: *Faces*, Cobblestone Publications, 2001 (adapte)

- 9** Ki lidè britanik ki ta ka plis konpare avèk prezidan Etazini an?
- | | |
|------------------|-----------------|
| (A) Rèn | (C) seyè |
| (B) Premye minis | (D) manm kabinè |
-
- 10** Yon fason Grann Bretay ak Etazini sanble sèke yo toude genyen
- | | |
|------------------|--|
| (A) premye minis | (C) laj pou vote ki se 18 an oswa plis |
| (B) palman | (D) yon sistèm kò elektoral |
-
- 11** Nan pifò peyi, rezon prensipal yon vil kapital se pou sèvi kòm yon sant pou
- | | |
|-------------|-------------------------|
| (A) transpò | (C) eksplwatasyon minyè |
| (B) touris | (D) gouvènman |

Sèvi ak tablo anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 12 ak 13 yo.

KOLONI EWOPEYEN YO ANN AMERIK DINÒ

Peyi	Non koloni an	Lokalite jounen jodi a	Ane yo te premye kolonize
Espay	St. Augustine	Florid	1565
Angletè	Jamestown	Vijini	1607
Frans	Kebèk	Kanada	1608
Olann	Nouvo Amstèdam	New York	1625
Syèd	Nouvo Syèd	Delaware	1638

12 Ki koloni Anglè yo te kòmanse?

- (A) Kebèk
- (C) Jamestown
- (B) Nouvo Amstèdam
- (D) Nouvo Syèd

13 Ki konklizyon enfòmasyon ki nan tablo sa a ka pi byen sipòte?

- (A) Se Angletè ki te premye kolonize Amerik Dinò.
 - (B) Senk peyi Ewopeyen te kòmanse koloni nan Amerik Dinò.
 - (C) Kebèk gen yon popilasyon ki pi laj pase St. Augustine.
 - (D) Syèd te etabli premye koloni nan sa ki se Eta New York kounye a.
-

14 Yon rezon prensipal ki fè yo te fòme konfederasyon Iroquois (Haudenosaunee) a se te pou

- (A) konbat kont Onondaga a
- (B) reyalize lapè pami peyi manm yo
- (C) kontinye tradisyon Endyen Ameriken Natif Natal yo
- (D) mete tèt ansanm pou konbat koloni Ewopeyen yo

15 Yo te rele Seneca yo “Gadyen pòtay lwès la” paske yo te abite

- (A) sou bò lwès senk peyi
- (B) alwès Rivyè Misisipi a
- (C) sou rivay lwès Rivyè Hudson lan
- (D) alwès Oseyan Atlantik la

16 Yon objektif Kritòf Kolon, Jacques Cartier ak Henry Hudson te genyen se te pou

- | | |
|---------------------------|--|
| (A) kolonize Eta New York | (C) kòmanse koloni nan Vijini |
| (B) eksplore Gran Lak yo | (D) jwenn yon wout sou dlo pi kout pou ale ann Azi |

Sèvi ak deklarasyon anba yo epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn késyon 17 la.

Moun A: “Britanik yo ap fè nou peye twòp taks. Ki jan yo fè trete nou enjisteman konsa?”

Moun B: “Wa a gen tout dwa l pou kolekte lajan yo dwe li. Li te pwoteje nou de lenmi yo pandan plizyè ane.”

Moun C: “Nou pral rankontre an sekrè pou nou planifye atak nou kont Britanik yo.”

Moun D: “Kolon Ewopeyen yo te maltrete pèp mwen an.”

17 Ki moun ki trè pwobaleman yon lwayalis?

- | | |
|-------------------|-------------------|
| (A) <i>Moun A</i> | (C) <i>Moun C</i> |
| (B) <i>Moun B</i> | (D) <i>Moun D</i> |
-

18 I. Travay ou jwenn nan koloni Ameriken yo

- A. fòjwon
- B. fabrikan perik
- C. òfèv
- D. _____ ?

Ki travay ki pi byen konplete pwofil pasyèl sa a?

- | | |
|-------------------------|----------------------|
| (A) kapitèn bato a vapè | (C) operatè telegraf |
| (B) fèmye | (D) fotograf |

19 Ki batay ki te fè yon gran chanjman nan Lagè Revolisyonè a?

- | | |
|-----------------|----------------------|
| (A) Saratoga | (C) West Point |
| (B) Long Island | (D) Fort Ticonderoga |

Sèvi ak enfòmasyon anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 20 an.

Abigail Adams



Sous: Benjamin Blyth, artist

“Si yo pa pote atansyon patikilye a medàm yo, nou detèmine pou nou fè yon revòlt, epi nou pa pral respekte ankenn lwa kote nou pa gen ni lavwa ochapit ni reprezantasyon.”

Abigail Adams,
31 mas 1776

— *The American History Herald*,
Steck-Vaughn (adapte)


20 Ki lide prensipal sitasyon sa a?

- (A) Fanm te vle gen yon chans pou yo vin prezidan.
- (B) Fanm pa t enterese pou patisipe nan novo gouvènman an.
- (C) Nuevo gouvènman an dwe koute opinyon fanm.
- (D) Se fanm ki konn souvan alatèt revòlt yo.

21 Aprè Lagè Revolisyonè a, anpil kolon te bwote al nan fwontyè lwès New York epi pi lwen toujou. Ki tèm ki pi byen dekri gwoup moun sa a?

- (A) komèsan
- (B) pyonye
- (C) patwon
- (D) sòlda

Sèvi ak foto anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 22 a.



22 Trèz rè ki sou drapo Ameriken sa a reprezante kantite

- | | |
|----------------------------|----------------------------|
| (A) koloni orijinal yo | (C) prezidan Etazini yo |
| (B) batay Lagè Revolisyonè | (D) eta yo ki nan Inyon an |
-

23 Ki gwo efè ouvèti Kanal Erie a te fè?


- (A) Popilasyon vil New York la te bese.
- (B) DeWitt Clinton te eli prezidan Etazini.
- (C) Yo pa t ka espedye ble sot nan kot lès pou al nan kot lwès ankò.
- (D) Yo te ka espedye machandiz sot nan Gran Lak yo pou al nan vil New York a pi bon mache pase anvan.

24 Ki tit ki pi byen konplete pwofil pasyèl ki anba a?

- | |
|-------------|
| I. _____ ? |
| A. telegraf |
| B. telefòn |
| C. radyo |
| D. òdinatè |

- (A) Teknoloji komunikasyon
- (B) Envantè
- (C) Jeyografi
- (D) Sistèm transpò

Sèvi ak graf lineyè anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 25 lan.



- 25** Nan kiyès nan ane sa yo kantite moun ki abite nan zòn iben yo te plis pase moun ki abite nan zòn riral yo?
- (A) 1850 (C) 1870
(B) 1860 (D) 1880
-
- 26** Ni Joudèmò Ochan-donè ak jou Veteran yo toulède onore Sitwayen Ameriken pou sèvis yo nan
- (A) sapè-ponpye (C) lame
(B) Sena (D) mendèv
- 27** Lè yon prezidan refize siyen yon pwojè-lwa, li
- (A) veto li (C) ratifye li
(B) aksepte li (D) pase li

28 Dis premye amannman nan Konstitisyon Etazini yo rele

- (A) Preyanbil
- (B) Deklarasyon dwa
- (C) Atik Konfederasyon an
- (D) Deklarasyon endepandans

29 Ki aksyon se sèl gouvènman nasyonal la ki ka pran l?

- (A) ranje twou ki nan wout lokal yo
- (B) eli majistra yon vil
- (C) enprime lajan
- (D) chaje peyaj sou wout yo

30 “Kaskèt pou bisiklèt obligatwa jiska laj 13 an”

“Li entèdi pou fimen nan plas piblik”

“Limit pou vitès sou wout leta yo redwi”

Tit sa yo byen montre lwa Eta New York yo ki pwomouvwa


- | | |
|---------------------|----------------------|
| (A) sekirite piblik | (C) libète endividye |
| (B) egalite dwa | (D) lajistis |

31 Ki deklarasyon konsènan istwa Eta New York ki se yon opinyon?

- (A) Yo te konn itilize Rivyè Hudson lan pou komès nan New York.
- (B) Koloni New York la se te meyè kote pou etabli.
- (C) New York te vin yon pwen daksè pou nouvo imigran.
- (D) Ou jwenn resous natirèl toupatou nan New York.

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 32 ak 33 yo.

Kat Washington, D.C.



Sous: *Fourth Grade in Review, Instructional Fair, 1995 (adapte)*


32 Ki depatman gouvènman an ki nan seksyon C-2?

- | | |
|---------------|------------------------------|
| (A) Eta | (C) Enteryè |
| (B) Agrikilti | (D) Lojman ak Devlopman Iben |

33 Ki koòdone edifis Kapitòl la?

- | | |
|---------|---------|
| (A) B-3 | (C) D-6 |
| (B) C-3 | (D) D-7 |
-

Sèvi ak graf a pòsyon anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 34 ak 35 yo.



34 Ki de kontinan ki fòme apeprè mwatye sifas tè Latè?

- (A) Amerik Dinò ak Amerik Disid
- (B) Afrik ak Amerik Dinò
- (C) Antatik ak Azi
- (D) Afrik ak Azi

35 Ki kontinan ki gen *pi piti* sifas tè?

- (A) Amerik Dinò
- (B) Antatik
- (C) Ewòp
- (D) Ostrali

FOR TEACHER USE ONLY

Total Part I Score _____

Maximum Score is 35

Pati II

Esplikasyon: Ekri repons ou yo pou kesyon ki vin apre yo nan espas yo bay nan ti liv egzamen sa a.

Sèvi ak pasaj anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 jiska 3 yo.

Kominote yo selebre

Moun nan diferan gwoup nan yon kominote renmen selebre pwòp joudefèt yo. Nan Vancouver chinwa yo selebre Nouvèl An Chinwa. Yo òganize yon parad epi yo tire fedatifis. Leplisouvan jou sa a vini an fevriye.

Nan lòt lè tout moun nan yon kominote selebre yon joudefèt ansanm. Pa egzanp, le 1ye jiyè tout moun nan Vancouver selebre Jou Kanada, jou anivèsè peyi a. Fèt sa a se tankou Kat Jiyè Ozetazini. Kanadyen yo rasanble pou gade parad ak fedatifis. Yo koute kèk diskou epi yo chante chanson espesyal peyi yo a . . .

Sous: Richard G. Boehm, et al., *Communities*, Harcourt Brace, 2002

- 1 Ki gwoup moun nan Vancouver, Kanada, ki pi souvan selebre Nouvèl An an fevriye? [1]

Score

- 2 Ki **yon** fason selebrasyon 4 Jiyè Ozetazini sanble ak selebrasyon 1ye Jiyè Okanada? [1]
-

Score


3 Ki evènman istorik ki te pase Ozetazini nan dat Kat Jiyè 1776? [1]

Score

ALE NAN LÒT PAJ LA ➔

Sèvi ak kat jeyografik anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 4 jiska 6 yo.

JAPON



Sous: www.graphicmaps.com (adapte)

... Kat-senkyèm nan popilasyon Japon ap viv nan vil yo. Kat vil prensipal Japon yo ki se Tokyo, Yokohama, Osaka, ak Nagoya sitiye yo sou [zile] Honshu. Gran vil sa yo sanble [tankou] vil Lwès yo avèk biwo edifis yo ki fèt avèk beton ak asye, anbouteyaj blokis, epi yon varyete magazen, restoran ak sinema. . . .

Sous: Jane Pofahl, Japan, Instructional Fair, 1996 (adapte)

4 Ki vil ki kapital Japon? [1]

Score

5 Ki **yon** fason vil Japonè yo sanble ak anpil vil Ameriken? [1]

Score


6 Ki **yon** rezon ki fè fwidmè se yon pati enpòtan nan rejim Japonè a? [1]

Score

ALE NAN LÒT PAJ LA ➔

Sèvi ak enfòmasyon anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn késyon 7 jiska 9.

“Flòt Ameriken an touprè Il Valcour”



Sous: Charles Randle, Library and Archives Canada

Le 11 oktòb 1776, Lamarin Amerikèn nan te batay kont Britanik yo touprè Il Valcour sou Lak Champlain. Ti flòt Ameriken an te gen alatèt li Benedict Arnold. Flòt Britanik lan ki te gen 25 bato te depase kantite bato Ameriken yo, li te gen meyè zam afe [plis zam], epi yo te ekipe avèk maren ki te byen antrene. Yo te gravman andomaje ti flòt Ameriken an [flòt batol]. Arnold ansanm ak bato 1 yo te pati pandan lannwit epi yo te kouri ale Ticonderoga. Byenke ekipaj Ameriken an te konbat avèk kouraj, Anglè yo te ratrape yo pandan yo te sou wout pou Crown Point. Anpil nan bato te swa koule swa echwe sou rivaj la. Sèlman twa nan 15 bato Arnold yo, “Revenge,” “Trumbull,” ak “Enterprise” te gen possiblite chape.

7 Konbyen bato Anglè yo te genyen nan Batay Il Valcour lan? [1]

Score

8 Ki yon rezon ki te fè Lamarin Anglèz la te kapab bat Lamarin Amerikèn lan si fasilman? [1]

Score

9 Pandan ki lagè Batay Il Valcour lan te fèt? [1]

Score

ALE NAN LÒT PAJ LA ➔

Sèvi ak dokiman anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 10 jiska 12 yo.

5 ETAP POU FÈ YON MOUN VOTE

**Ki jan pou fè adilt ou konnen
yo vote ? Senpleman di yo
pou yo...**

1. Anrejistre. Tout elektè yo dwe ranpli yon fòm anrejistreman. Ki kote ou ka jwenn yo ?

- Depatman Motè Veyikil eta w la
- Biwo Sekretè Deta w la
- Sou Entènèt nan www.DeclareYourself.com

**2. Lage fòm anrejistreman
an nan lapòs.** Si moun sa a potko janm anrejistre, li pral oblige poste yon kopi kat didantifikasyon ki gen foto li gouvènman an bay ansanm avèk fòm anrejistreman pou

eta kote I rete a ki ranpli epi siyen.
Yon kopi lisans chofè ka sèvi.

**3. Prepare tèt ou pou
eleksyon k ap vini an lè w
tyeke kandida yo avèk
pwoblèm yo di yo pral
rezoud yo.**

Kèk kote pou kòmanse alimante sèvo w

- Jounal, revi ak emisyon televizyon
- W ap jwenn anpil resous sou Entènèt la, tankou sit Entènèt kandida yo ak sous pou enfòmasyon sou diferan pwoblèm ki enpòtan
- Ale nan sit www.DeclareYourself.com

**4. Lokalize kote adilt yo
pral vote.**

**5. Sa ki pi enpòtan, nan jou
eleksyon an : ASIRE ADILT OU
KONNEN YO AL VOTE !** Epi di yo pou yo mennen zanmi yo avèk yo !

Sous: *TFK Extra!*, Fall 2003, Supplement to Time for Kids (adapte)

10 Selon dokiman sa a, ki premye etap pou fè pou ka fè yon moun vote? [1]

Score

11 Di **yon** kote yon elektè ka jwenn enfòmasyon konsènan yon kandida k ap fè kanpay pou yon pòs. [1]

Score

12 Ki **yon** rezon ki fè li enpòtan pou adilt yo vote? [1]

Score

FOR TEACHER USE ONLY

Total Part II Score _____

Maximum Score is 12

